

Umugambi wa Carilina y'ubuseruko ujewe kwita impinja n'amicuko Imenyasha ry'uburenganzira bw'umwana n'umuryango

INTANGAMARARA

Imenyasha ry'umugambi wa Carolina y'ubuseruko ujeje kwitaho impinja n'amicuko ku burenganzira bw'umwana n'umuryango rirasigura uburenganzira bw'umuryango nk'uko busiguye mw'itegeko rya reta zunze ubumwe rizwi nka Individuals with Disabilities Education Act (IDEA). Igice ca C co mw'itegeko rya IDEA kirerekana kubijanye n'ibikorwa vyo kwitaho impinja n'amicuko yemerewe (kuva bakivuka gushika bujije imyaka itatu). Muri Carolina y'ubuseruko igice ca C co mw'itegeko rya IDEA kizwi kw'izina rya Early Intervention Program, canke Infant-Toddler Program (NC ITP). Ishirahamwe riyoboye umugambi wa Carolina y'ubuseruko ujeje kwitaho impinja n'amicuko (NC ITP) ni igice c'igisata kijejwe ukubaho neza kw'Abana n'Umuryango. Ku rwego rukwegereye amashami ajewe kwitaho iterambere ry'abana (CDSA) akora, agakurikirana kandi akagenzura imigambi hamwe n'ibikorwa vy'ishirahamwe rijejwe kwitaho impinja n'amicuko. Hari amashami ya (CDSA) 16 hirya no hino muri reta atanga ibikorwa akongera akagenzura ibikorwa vy'ishirahamwe rijejwe kwitaho impinja n'amicuko. Amashami ya CDSA afasha uturere twose 100 twa Carolina mu karere kamwe canke twinshi duhurijwe hamwe. Uru rwandiko ni imenyasha ryemewe n'amategeko ry'uburenganzira bwawe hisunzwe amategeko n'amabwirizwa ya reta zunze ubumwe. Amwe mu mabwirizwa arimwo ashobora kuba ari mashasha kuri wewe. Ariko, turasigura amajambo amwe namwe iyo abonetse ubwa mbere mu nyandiko hamwe n'ayandi asigurwa mu nsiguro y'amajambo agoye mu mpera z'uru rwandiko. Amajambo asiguye mu nsiguro y'amajambo agoye canke uko agenda aboneka mu rwandiko arerekanwa mw'ibara ryirabura cane uko agenda aboneka muri uru rwandiko. Umuhuzabikorwa ajewe kwitaho impinja n'amicuko (EISC) akorana n'umuryango wawe arashobora gusaba izindi nyandiko hamwe n'ibikoresho kugira agufashe gutahura uburenganzira bwawe.

Umugambi wa Carolina y'ubuseruko ujeje kwitaho impinja n'amicuko (NC ITP) ugenewe gutuma umuryango witabira kurushaho kandi hakizerwa neza ko umuvyeyi yavyemeye (uruhusha) kuri buri ntambwe y'igikorwa co kwitaho umwana uhereye ku kumurungika hanyuma ukabandanya nkuko twavyemeje mu gihe umwana wawe yemerewe ugategura kandi ugakorerwa ibikorwa umwana wawe n'umuryango. NC ITP ni kimwe mu bikorwa ku rwego rw'igihugu gisiguye mu gice ca C co mw'itegeko rya reta zunze ubumwe ryitwa Individuals with Disabilities Education Act (IDEA). Amategeko ya reta zunze ubumwe mu mugambi wo kwitaho abana (yasiguye mu kigabane ca 34 CFR igice ca 303) akoresheya kuri NC ITP. Muri NC ITP harimwo amategeko akingira yagenewe gukingira uburenganzira bw'abana muri uwo mugambi barungitswe kuri hamwe/canke biyandikishije muri ITP, hamwe n'abavyeyi babo. Abavyeyi bategerezwa kumenyeshwa ku vyerekeye aya mategeko akingira uburenganzira bwabo nk'uko bisiguye mu mategeko ya reta zunze ubumwe mu kigabane ca 34 CFR 303.400-438, harimwo n'amahitamo bafise ku ibijanye no gutorera inyishu amatati mu kigabane ca 34 CFR 303.430-438, kugira bashobore kwitabira neza hamwe no kugira ijamba n'ico bajewe mu bikorwa bikorerwa umwana n'umuryango wabo. Uru rwandiko rw'uburenganzira bw'umuvyeyi ni imenyasha ryemewe n'amategeko ry'amategeko akingira uburenganzira bw'abana hamwe n'imuryango nk'uko bisigurwa hisunzwe amategeko ari mu gice ca C.

Kwitabira muri NC ITP ni kubushake bwawe kuri wewe n'umuryango wawe. Muri NC ITP urafise uburenganzira bukurikira:

- Amahirwe y'isuzuma rikozwe n'abahinga bafise ubumenyi butandukanye kugira bihweze ko umwana wawe yemerewe mu gihe adasanzwe afise ubumuga bwemejwe canke uguteba gukura kw'ingingo z'umubiri hashingiwe ku makuru y'ubuvuzi bw'umwana canke ayandi makuru hanyuma mu gihe yemerewe, **igenzura** hamwe n'iteguro y'ibikorwa bimubereye mu muryango (IFSP) mu gihe c'imisi (45) y'ikirangamisi uhereye igihe yarungikiweko
- Mu gihe yemerewe hisunzwe NC ITP, uburenganzira bwo kuronka mu buryo bubereye kandi ku gihe **ibikorwa vyo kumwitaho** ku mwana wawe hamwe n'umuryango nk'uko bisigurwa muri IFSP mu gihe c'imisi 30 y'igikorwa kigiye kwongerwa kuri IFSP
- Uburenganzira bwo kuronswa ivyavuye mw'isuzuma, igenzura, ugukura kw'ingingo z'umwana vya IFSP, guhuzwa ibikorwa, hamwe n'amategeko akingira uburenganzira bw'umwana n'umuryango ata kiguzi ku miryango
- Uburenganzira bwo kwemera canke kwanka amasuzuma yo kugira yemererwe yo kwerekana, y'igenzura hamwe/canke ibikorwa
- Uburenganzira bwo kuronswa ubutumire bwanditse bwo kwitabira mu nama zose za IFSP
- Uburenganzira bwo kuronswa imenyasha ryanditse imbere y'igihe imisi (10) y'ikirangamisi imbere y'impinduka buratangwa canke bugahakanwa mu kumenya ingorane umwana afise, mw'isuzuma, canke mu kumugenera inyigisho (aho umwana wawe aronswa ibikorwa) umwana wawe, canke mw'itangwa ry'ibikorwa ku mwana wawe canke umuryango
- Uburenganzira bwo kuronswa ibikorwa **aho asanzwe aba** ku rugero ruri hejuru kandi rubereye kugira hashikwe ku vyo umwana wawe akeneye mu gukura neza
- Uburenganzira bwo kugumirizwa ibanga ku makuru **ashobora gutuma umenyekana**
- Uburenganzira bwo kuronswa ata kiguzi ikopi y'intango y'amakuru y'umwana wawe yerekeye ukumwitaho
- uburenganzira bwo kwihweza hamwe no mu gihe bibereye, kwegeranya amakuru yerekeye ukwitabwaho kw'umwana
- Uburenganzira bwo kuronswa ikopi ata kiguzi y'isuzuma ryo kwemererwa kwerekana, igenzura ry'umwana, igenzura ry'umuryango, hamwe na IFSP vuba hashoboka inyuma ya buri nama ya IFSP
- Uburenganzira bwo **kuburanishwa** kugira hatorewe inyishu ibirego vyerekeye ingorane iyo ariyo yose ijanye no kumenya ingorane umwana afise isuzuma, kwemererwa, kugenera inyigisho (aho umwana wawe bazomuhera ibikorwa) canke itangwa ry'ibikorwa vyo kwitabwaho ku mwana wawe
- Amahirwe yo **guhuzwa** ku bushake kugira hatorewe inyishu amatati ayo ariyo yose yerekeye ingorane iyo ariyo yose hisunzwe poritike y'umugambi wo kwitaho impinja n'amicuko
- Uburenganzira bwo **gutanga ikirego muri reta** mu gihe ishahi ry'ishirahamwe canke umuntu ajewe igikorwa yahonyanze ibisabwa mw'itegeko rya reta zunze ubumwe canke rya reta mu gace karyo ka C
- Uburenganzira bwo gutorera inyishu amatati ku gihe

Hejuru y'ubu burenganzira rusangi utegerezwa kumenyeshwa amabwirizwa yihariye yo gukingira uburenganzira bwawe n'ubumwana wawe hisunzwe amategeko ya NC ITP(mu gace karyo ka C, umurongo wa E), asigurwa ku mpapuro zikurikira.

IMENYESHA RY'IMBERE Y'IGIHE

Imenyasha ry'imbere y'igihe ryanditse utegerezwa kurihabwa imisi (10) y'ikirangamisi imbere y'uko umugambi wa NC Infant-Toddler Program ujeje kw'itaho impinja n'amicuko ubicishije mu bikorwa vy'ishami ryawo rya Children's Developmental Services Agency (CDSA) rifata ingingo zimwe na zimwe. Urashobota kuvyihutisha ntibimare imisi 10 y'ikirangamisi mu gihe ubishatse. Ibi bikorwa ni ivyo gusaba janke kwanka itanguzwa canke impinduka, kumenya ingorane umwana afise, isuzuma, canke kumugenera inyigisho zimubereye (aho umwana wawe aronswa ibikorwa) umwana wawe canke itangwa ry'ibikorwa bijanye no kwitaho umwana hamwe n'umuryango. Imenyasha ryanditse ritegerezwa kukumenyeshwa ivyerekeye:

- Ingingo zasabwe canke zahakanwe
- Invo zo gusaba canke guhakana ingingo
- Amategeko yose yo gukingira umwana n'umuryango ahari hisunzwe NC ITP kuri ico gikorwa
- Amategeko agenga itangwa ry'ikirego ca NC ITP, harimwo n'insiguro y'ukugene buzuza ikirego hamwe n'ikirangamisi c'ibi bikorwa. (*soma ugutatura amatati igice c'uru rwandiko.*)

Imenyasha ritegerezwa kuba ryanditse mu rurimi rutahurwa n'abantu benshi hanyuma rugahindurwa mu rurimi rw'amavukiro rwawe canke mu rurimi usanzwe ukoresha kiretse mu gihe bigaragaye ko bidashoboka. Iyo ururimi rw'amavukiro rwawe canke ubundi buryo bwo guhanahana amakuru atari ururimi rwandikwa, CDSA itegerezwa kubikurikirana ikamenya ko vyakozwe neza:

- Imenyasha urisigurirwa mu majamba canke mu bundi buryo mu rurimi rw'amavukiro rwawe canke ubundi buryo bwo guhanahana amakuru
- Uratahura ibiri mw'imenyasha
- Hari urwandiko rwanditse nwerekana ko ibisabwa muri iki gice vyubahirijwe

Mu gihe ugendana n'ubumuga bwo kutunva canke kuwva bigoranye, kutabona, canke utagira ururimi rwandikwa, uburyo bwo guhanahana amakuru busanzwe bukoreshwa nawe (nko kuvuga ukoresheje ibimenyetso, inyandiko y'abatabona ya Braille, canke kuvuga n'umwunwa).

UKWEMERA KW'UMUVYEI

Kwemera bisigura ko:

- Wamenyeshajwe mu buryo bwuzuye amakuru yerekeye igikorwa usinyiye. Amakuru yatanze m'ururimi **kavukire**, canke uburyo bwo guhanahana amakuru, kiretse bibonetse ko bidashoboka ko bikorwa.
- Utahura kandi wemeye mu buryo bwanditse itangwa ry'igikorwa wemeye kibonwa, kandi ukwo kwemera kurerekana igikorwa hamwe n'urutonde rw'amakuru mu gihe ahari) azotangwa hamwe n'uko ayo makuru azohabwa.
- Utahura ko gutanga uruhusha ari ku bushake ku ruhande rwawe kandi ko ushobora kurutesha agaciro mu buryo bwanditse umwana uwo ariwo wose. Mu gihe utesheje agaciro uruhusha, uko guteshwa agaciro ntukuraba igikorwa cabaye imbere y'iteshwa ry'agaciro kurwo ruhusha.

Ukuvyemera mu buryo bwanditse bitegerezwa gusabwa:

- Imbere y'uko amasuzuma hamwe n'amagenzura y'umwana wawe akorwa imbere y'uko ibikorwa vyo kumwitaho bitangura
- Imbere y'uturusho canke ukwitegekaniriza kwa reta canke ukwabigenga gukoreshwa mu kuriha ivyo bikorwa
- Imbere y'ishirwa ahabona ry'amakuru **ashobora gutuma umenyekana** kiretse iyo bisabwe n'amategeko.

Mu gihe udatanze uruhusha nta ngingo ishobora gufatwa.

Amategeko ya reta zunze ubumwe Igice ca C (34 CFR 303.414) hamwe n'itegeko rigenga uburenganzira bw'umuryango hamwe no kugumirizwa ibanga, canke itegeko rya FERPA (34 CFR 99.31) bisaba ko uruhusha rw'umuvyeyi rutegerezwa gutangwa imbere y'uko amakuru ashobora gutuma umuntu amenyeka:

- Ahabwa umuntu uwo ariwe wese atari mu bakozi basinye amasezerano canke uwujewe igikorwa co kwegeranya canke gukoresha amakuru hisunzwe agace kari mw'itegeko rya C kiretse mu gihe vyatangije uruhusha rwo kubikora hisunzwe itegeko rya FERPA (34 CFR 99.31).
- Gukoreshwa mu yindi ntumbero iyo ariyo yo itari iyo gushira mu ngiro ibisabwa hisunzwe agace ka C k'itegeko.

Mu makuru ashobora gutuma umuntu amenyekana harimwo:

- Izina ry'umwana wawe canke izina ry'uwundi muntu wo mumuryango, adereshe y'umwana wawe canke y'umuryango w'umwana wawe;
- Ikiranga umuntu nk'inomeru yo kwitegekaniriza y'umwana canke iyawe bwite, canke
- Urutonde rw'ibintu canke ayandi makuru ashobora gutuma umwidondoro w'umwana wawe ushobora kumenyekana mu buryo bworoshe.

Amakuru avuye muri dosiye yo kwitaho umwana wawe ntashobora gutangwa n'uwahawe ibikorwa vyo kumwitaho canke uwumukorera ibikorwa vyo kumwitaho ngo ayahe ayandi mashirahamwe utabimuhereye uruhusha kiretse uwahawe ibikorwa vyo kumwitaho canke uwujewe kumwitaho yabihereye uburenganzira hisunzwe itegeko rya FERPA.

Hisunzwe itegeko rya FERPA na IDEA nu gace karyo ka C, NC ITP irafise uburenganzira kandi irasabwa gutanga izina ry'umwana wawe hamwe n'itarikiy'amavuko hamwe n'amakuru yaho bokuronderera (harimwo amazina yawe adereshe, na numero za terefone) utiriwe ubihahere uruhusha ikabiha ishishamwe rya reta rijeje indero ry'aho umwana wawe aba. Aya makuru aba akeneye kugira bamenye abanyeshure bose bashobora kwemererwa ibikorwa hisunzwe agace ka B k'itegeko rya IDEA.

Iyo wanse gutanga uruhusha rwo gusuzuma, kugenzura, canke kumukorera ibikorwa vyo kumwitaho, NC ITP izogira utwigora dushoboka kugira yizere neza ko:

- Uzi neza inwo ry'iryo suzuma, igenzura, canke ibikorwa bishobora kuba bihari
- Utahura ko umwana wawe atazashobora gukorerwa isuzuma, igenzura canke ibikorwa kiretse uruhusha rutanzwe

Hejuru y'ivyo, nk'umuvyeyi w'umwana yarungitswe kuri canke yemerewe muri NC ITP, urashobora kwemera canke guhakana ibikorwa vyo kumwitaho, bihabwa umwana wawe canke abandi bagize umuryango udashize mu kaga ibindi bikorwa vyo kumwitaho. Urashobora akandi kwanka igikorwa inyuma yo kucemera ubwa mbere udashize mu kaga ibindi bikorwa vyo kumwitaho.

KWIHWEZA AMAKURU

Hisunzwe amategeko agenga kugumirizwa ibanga ry'amakuru asigurwa mu gice gikurikira, urafise amahirwe yo kugenzura no gusuzuma amakuru yose y'ibikorwa vyo kwitaho umwana yerekeye umwana n'umuryango wawe yegeranijwe hanyuma arashyirwa, canke akoresha n'umugambi. Ayo makuru ashobora kuba yerekeye kwihweza, amasuzuma, amagenzura, kwemererwa kwerekana ingorane umwana afise, gutegura, hamwe no gushira mu ngiro IFSP, itangwa ry'ibikorwa vyo kumwitaho, hamwe n'amakuru bwite, ibirego vyerekeye ibikorwa bikorerwa umwana wawe. Muri ayo harimwo igice ico arico cose c'amakuru yerekeye ibikorwa vyo kwitaho umwana wawe.

Uburenganzira bwo gushika ku makuru - utegerezwa kwandika usaba kwihweza amakuru y'umwana wawe, CDSA itegerezwa kwubahiriza ivyo wasavye itiriwe iteba kandi ita kigoranye n'itengeze imisi (10) y'ikirangami inyuma yo kwandika ubisaba. CDSA izokwubahiriza ivyo wasavye imbere y'inama iyo ariyo yose yerekeye IFSP canke iburanisha iryo ariyo ryose ryerekeye kumenya ingorane umwana afise, isuzuma, kumugenera inyigisho zimubereye, canke kumuha ibikorwa vyo kumwitaho bimubereye. Mu burenganzira bwo kugenzura no gusuzuma amakuru:

- Uburenganzira bwo kwishura CDSA kuvuye yasavye vyunvikana vyo gusigura hamwe no kwihweza amakuru yerekeye ukwitaho umwana wawe
- Uburenganzira bwo gusaba ko CDSA itanga ikopi y'amakuru yo kwitaho umwana wawe irimwo bene ayo makuru iyo inaniwe gutanga izi kopi ishobora kukubuza uburenganzira bwawe bwo kugenzura hamwe no gusuzuma amakuru yerekeye ukwitaho umwana wawe
- Uburenganzira bwo kugira umuntu aguserukira mu kugenzura hamwe no gusuzuma amakuru yerekeye ukwitaho umwana wawe.

CDSA yemera ko ufise uruhusha rwo kugenzura hamwe no gusuzuma amakuru yo ukwitaho umwana yerekeye umwanawawe kiretse mu gihe vyamenyeshijwe mu buryo bwanditse ko ata ruhusha ufise hisunzwe itegeko rya reta ribigenga canke vyasabwwe na sentare ifise urwo rubanza nko guhindura umurezi w'umwana hanwe no kwahukana.

Kwandika abahawe amakuru - Buri CDSA itegerezwa kwandika umuntu uwo ariwe wese ahawe amakuru yerekeye kwitabwaho kw'umwana (kiretse ahawe abavyeyi hamwe n'abakozi ba CDSA babifitaye uruhusha) harimwo izina ry'umwana, itariki baherewe uruhusha rwo kuyaronka, hamwe n'invu uyo muntu yahawe uruhusha rwo gukoresha amakuru yo kwitaho umwana wawe.

Mu gihe amakuru ayo ariyo yose harimwo amakuru yerekeye umwana arenze umwe, urafise uburenganzira bwo kugenzura hamwe no gusuzuma amakuru yerekeye gusa umwana wawe canke kumenyeshwa ayo makuru yihariye yerekeye umwana wawe.

CDSA irashobora kuguha urutonde rw'ubwoko bw'amakuru hamwe n'ibanza amakuru yo kwitaho umwana wawe yegeranijwemwo, yashinguwemwo, canke akoreshamwo n'ishami ry'ishirahamwe.

Amafaranga yo kuronswa amakuru - CDSA irashobora gusaba amafaranga y'ikopi z'amakuru yo kwitaho umwana wawe mu gihe ayo mafaranga adatumye ubura uburenganzira bwawe bwo kugenzura hamwe no gusuzuma amakuru yo kwitaho umwana wawe. Uburenganzira bwo kuronswa ikopi ata kiguzi ya buri suzuma igenzura ry'umwana, igenzura ry'umwana, umuryango, hamwe na IFSP vuba hashoboka inyuma ya buri nama ya IFSP. CDSA irashobora kudasaba amafaranga yo kurondera canke kugarukana amakuru.

Impinyanyuro y'amakuru-Iyo wibaza ko amakuru yegeranijwe mu kwitaho umwana, yashinguwe, canke afiswe n'umugambi ujeje kwitaho impinja n'umucuko atariyo, ayovywa, canke ahonyanga atubahiriza ubuzima bwite canke ubundi burenganzira bwawe canke bw'umwana wawe urashobora gusaba ko CDSA canke irindi shami ry'ishirahamwe ribitse ayo makuru kuyahinyanyura.

CDSA itegerezwa kwerekana nimba bibereye guhinyanyura ayo makuru hakurikijwe ivyo wasavye, mu gihe kitarambiranye inyuma yo kwakira ubwo busabwwe. Iyo CDSA yanse guhinyanyura ayo makuru nk'uko wabisavye, CDSA itegerezwa kukumenyeshya uko kwanka kandi ikakugira inama ku burenganzira bwawe.

Igice c'amategeko agenga amakuru yerekeye ukwitabwaho umwana kizoguhira amahirwe yo kuburanishwa kugira ubeshuze ayo makuru ari muyo kwitaho umwana wawe kugira wizere neza ko atari ay'ikinnyoma, ayovywa canke adahonyanga ukugirirwa ibanga canke ubundi burenganzira bw'umwana

Iburanishwa ribaye ryerekeye izi ngorane ritegerezwa gukorwa hisunzwe amategeko ategakanwa n'itegeko rya Family Education Rights & Privacy Act (FERPA) Amategeko usanga muri 34 CFR 99.22, urashobora kandi gusanga aya mategeko yavuzwe mu nyandiko za poritike yo gukingira uburenganzira bw'umwana n'umuryango hamwe no gutatira amatati z'umugambi ujeje kwitaho impinja n'umucuko wa Carolina y'ubuseruko.

Iyo iburanisha rivuyemwo ukwerekana ko ayo makuru atariyo, ayovywa canke ahonyanga uburenganzira bwo kugirirwa ibanga canke ubundi burenganzira bw'umwana CDSA izohinyanyura ayo makuru nk'uko bibereye, kandi izobikumenyeshya mu buryo bwanditse.

Iyo iburanisha rivuyemwo ukwerekana ko amakuru ari ikinyoma, ayovywa, canke ahonyanga uburenganzira bwo kugirirwa ibanga canke ubundi burenganzira bw'umwana, urafise uburenganzira bwo gutanga urwandiko rukaja mu makuru yo kwitaho umwana wawe rusigura kuri ayo makuru hanyuma ukavuga inwo izo arizo zose zituma utemera ibivurwa n'iryo shami ry'ishirahamwe biraba/rijeje ibikorwa.

Insiguro iyo ariyo yose ishizwe mu makuru yo kwitaho umwana hisunzwe iki gice ategerezwa gushingurwa na CDSA nka kimwe mu bice bigize amakuru yo kwitaho umwana mu gihe amakuru yo kwitaho umwana canke agace gaterwe impari (ako gace kayo makuru utemera) gashinguwe na CDSA. Iyo amakuru nyakuri yo kwitaho umwana canke agace kayo gaterwe impari ashizwe ahabona na CDSA ku ruhande urwo ariwo rwose, insiguro itegerezwa nayo gutangwa kuri urwo ruhande.

UKUGIRWA IBANGA KW'AMAKURU

Amategeko agenga ukugirwa ibanga kw'amakuru yasigurwa muri iki gice c'amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana yerekeye umwana wawe hamwe n'umuryango wawe akaba ari:

1) Amakuru ari muyo kwitaho umwana yegeranijwe, yakoreshejwe, canke yashinguwe n'umugambi ujeje kwitaho impinja n'umucuko, canke **irindi shami ry'ishirahamwe ryitabirye iki gikorwa**, hamwe 2) Akora uherye igihe umwana wawe yarungikiwe mu bikorwa vyo kumwitaho gushika igihe amakuru atagikenewe gushingurwa n'umugambi.

Imenyeshya ryerekeye ukugirwa ibanga kw'amakuru

Umugambi ujeje kwitaho impinja n'umucuko utegerezwa kuguha imenyeshya mu gihe umwana wawe arungizwe muri CDSA bikaba ari nkenerwa kukumenya mu buryo bwuzuye ibisabwa bijanye no kubika ibanga ry'amakuru harimwo:

- Insiguro y'umwana canke abana amakuru y'ibanga yanditseko, ubwoko bw'amakuru yabonwe, uburyo uwo mugambi utegekanywe gukoresha mu kwegeranya amakuru (harimwo amasoko y'amakuru abo amakuru azoronderwako) hamwe n'ico ayo makuru ategakanwa gukoreshwa;
- Incamake ya poritike hamwe n'amategeko amashami y'ishirahamwe yitabirye ategerezwa gukurikiza ku vyerekeye gushingura, kuyaha abandi bantu, kuyagumana, hamwe no **gusambura** amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana; hamwe
- Insiguro y'uburenganzira bwose bw'umuvyeyi mu mugambi hamwe n'ubwumwana ku vyerekeye aya makuru, harimwo n'ubutegekanwa n'itegeko rya Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) hamwe n'amategeko ajanye n'ishirwa mu ngiro muri 34 CFR Part 99A, Insiguro y'invu iryo menyeshya ritanzwe mu rurimi rw'amavukiro rw'imigwi y'abantu batandukanye muri reta.

Amategeko agenga kubikirwa ibanga

Amategeko akurikira ahari ngo yizeze kubika ibanga ry'amakuru:

- Buri shami ry'ishirahamwe ry'tabirije/rijeje igikorwa rirabika ibanga ry'amakuru ashobora gutuma umuntu bamumenya mu kwegeranya amakuru, mu kuyatunganya, mu kuyakoresha, mu kuyashingura, **mu kuyashira ahabona** hamwe no mu kuyasambura
- N'imiburiburi umukozi umwe w'ishami ry'ishirahamwe aba ajeje gukingira ibanga ry'amakuru ayo yose ashobora gutuma umuntu bamumenya.
- Abantu bose begeranya canke bakoresha amakuru ashobora gutuma umuntu bamumenya bararonswa inyigisho canke ivyigwa vyerekeye poritike za NC ITP, amategeko, hamwe n'imyimenyerezo nk'uko zikoresha mu gace ka C k'itegeko rya IDEA hamwe FERPA.
- Buri shami ry'ishirahamwe rigumizaho kunvo z'amasuzuma y'abavyemerewe, urutonde rw'amazina hamwe n'ivyo abo bakozi bajewe mw'ishirahamwe bafise uburanganzira kuri ayo makuru ashobora gutuma umuntu bamumenya.

Amashami y'amashirahamwe yitabirije/ajeje ibikorwa ategerezwa kumenyesha abavyeyi mu gihe amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana yegeranijwe, yashinguwe, canke yakoresheje hisunzwe ko umugambi wo kwitaho iminjira n'imiryango utagikeneye gukorera ibikorwa uwo mwana. Iyo umuvyeyi yamenyesheje aya makuru atagikenewe, ayo makuru ategerezwa gusamburwa mu gihe bisabwe n'umuvyeyi. Ariko, amakuru ku buryo buhoraho y'izina ry'umwana, itariki y'amavuko, amakuru yerekeye aho boronderera umuvyeyi (harimwo adereshe na nomero wa terefone), amazina y'umuhuzabikorwa canke abahuzabikorwa hamwe n'abajewe ibikorwa hamwe n'amakuru yo kuva mu mugambi (harimwo umwaka aviriyemwo n'umyaka afise, hamwe n'imigambi iyo ariyo yose yinjijemwo imbere yo kuvamwo) birashobora gushingurwa ata gihe ntarengwa kigenwe.

GUTATURA AMATATI

Mu gihe utemera ivyo ishami ry'ishirahamwe ryitabirije ivyo bikorwa/rijeje ibikorwa ryashitseko ku vyerekeye kumenya ingorane umwana afise, isuzuma, kugena inyigisho zibereye umwana wawe canke kumukorera ibikorwa vyo kumwitaho bimubereye, urashobora gusaba gutorera inyishu impungenge zawe.

Umugambi ujeje kwitaho impinja n'imicuko urizeza gutorera inyishu impungenge ku gihe biciye mu mwunvikano nko kuyaga imbona nkubone n'umuhuzabikorwa canke abandi bantu kuri CDSA ikwegereye. NC ITP iratanga kandi uburyo butatu bwemewe n'amategeko bwo guhuzwa, kuburanishwa, hamwe no gutanga ikirego muri reta.

Ubu buryo bwose buraboneka ata kiguzi ku miryango.

Ubuhuza

Umugambi ujeje kwitaho impinja n'imicuko wa NC ITP uratanga amahitamwo yo guhuzwa kugira hatorerwe umuti amatati. Ubuhuza burashobora kuba imbere canke inyuma yo gutanga ikirego c'iburanisha canke ikirego muri reta. Nk'umuvyeyi, urashobora gusaba guhuzwa mu kwuzuzanya hanyuma ukarungika ifise yo gusaba guhuzwa y'umuvyeyi ikoresha muri NC ITP ubicishije mw'iposita kuri: Early Intervention Section, Part C Director, Division of Child and Family Well-Being, 1916 Mail Service Center Raleigh, NC 27699-1916.

Ubu buryo guhuzwa bw'umugambi ujeje kwitaho impinja n'imicuko urizeza ko guhuzwa ari:

- Ku bushake kuri buhande muzitunvikana.
- Kudakoresha uguhakana canke ugutevya uburenganzira bwawe mw'iburanisha ry'urubanza canke guhakana ubundi burenganzira ibwo aribwo bwose ufise hisunzwe agace ka C k'itegeko rya IDEA.
- Bikorwa n'umuntu yavyigiyeye kandi w'umuhuzwa atagira aho ahengamiye yabihereye inyigisho zijanye n'ubuhinga bwo guhuza bubereye.

NC ITP irafise urutonde rw'abantu bigiye igikorwa c'ubuhuzwa kandi bazi amategeko n'amabwirizwa yerekeye itangwa ry'ibikorwa vyo kwitaho abana. Abahuzwa bategerezwa gutorwa kuri tombora, guhindagurwa, canke hakoreshejwe ubundi buryo butagira aho buhangamiye.

Ukudahengama kw'umuhuzwa- Umuntu akora nk'umuhuzwa arashobora kuba atari umukozi w'ishirahamwe rijeje kwitaho impinja n'imicuko, uwa CDSA, canke uwujewe ibikorwa vyo kwitaho umwana asanzwe akorera ibikorwa canke ibindi bikorwa ku mwana, kandi ntategerezwa kugira inyungu bwite zigongana n'igikorwa yahawe. Umuntu akwiye kuba umuhuzwa si umukozi canke uwujewe ibikorwa vyo kwitaho umwana kubera we ahembwa n'ishami ry'ishirahamwe canke uwujewe ibikorwa kugira akore nk'umuhuzwa. NC ITP niyo ibazwa ikiguzi c'igikorwa co guzuza, harimwo n'ibiguzi vy'inama. Buri nama mu gikorwa co guhuza itegerezwa kugena mu buryo bwubahiriza igihe kandi itegerezwa gukoranira mu kibanza kibereye impande zose ziri mu mutati. Iyo amatati atorewe inyishu biciye mu gikorwa co guhuza, izo mpande zitegerezwa gutera igikumu ku mmasezerano yemewe n'amategeko asigura itaturwa ry'amatafi kandi avuga ko:

- Ibiganiro vyose vyabaye mu gihe c'igikorwa co guhuza bizoguma ari ibanga kandi bidashobora gukoresha nk'ibimenyetso mw'iburanisha ry'urubanza urwo arirwo rwose canke mw'iburanisha ry'imanza zisanze mw'iburanisha ryo muri sentare ya reta zunze ubumwe iyo ariyo yose canke sentare ya reta ironswa infashanyo hisunzwe agace ka C k'itegeko, hanyuma amasezerano akandikwa agaterwako igikumu hisunzwe ako gace k'itegeko bikubahirizwa muri sentare iyo ariyo yose ya reta ibifitiye ububasha bw'amategeko canke muri sentare y'akarere ya reta zunze ubumwe. Ubuhuza buguha amahirwe yo gutorera inyishu amatati mu buryo butarimwo uguhanga. Bukorwa ku bushake kandi butegerezwa kwemerwa ata gahato n'impande zose zegwa n'amatafi. Mu gihe uhisemwo kudakoresha ubuhuzwa, NC ITP izoguha amahirwe yo guhura kw'isaha n'ikibanza kikubereye, n'uruhande ataho ruhengamiye kugira hasigurwe uturusho two guhuzwa kandi habe kubatera intege zo guhitamwo guhuzwa. Guhuzwa ntibikubuzwa gusaba iburanisha ataho ryegamiye canke gutanga ikirego muri reta igihe icyo cose. Urashobora ica rimwe kwuzuzanya usaba guhuzwa hamwe no gusaba iburanisha ataho ruhengamiye canke gutanga ikirego muri reta.

Iburanisha

Urashobora gusaba guhuzwa mu kwuzuzanya hanyuma ukarungika ifise yo gusaba guhuzwa y'umuvyeyi ikoresha muri NC ITP ubicishije mw'iposita kuri: Early Intervention Section, Part C Director, Division of Child and Family Well-Being, 1916 Mail Service Center Raleigh, NC 27699-1916.

Iyo ikirego mu rubanza cakirwe, umucamanza aragenwa kugira aburanisha urwo rubanza. Umucamanza wo kuburanisha urwo rubanza ategerezwa:

- Kuba afise ubumenyi ku bijanye no gushira mu ngiro ibigenwa n'itegeko mu gace kary ka C hamwe n'ivya nkenerwa mu bikorwa vyo kwitaho umwana biboneka ku bana hamwe n'impinja zigendana ubumuga hamwe n'imiryango yazo hanyuma agakora igikorwa gikurikira:
 - ♦ Gutega amatwi ishikirizwa ry'ukugene impande zose zibona ibintu ku vyerekeye ikirego, kwihweza amakuru yose afise aho ahuriye n'izo ngorane hanyuma akrondera gutorera inyishu kugihe icyo kirego.
 - ♦ Gutanga amakuru y'igikorwa c'iburanisha bikarizwa na reta, harimwo n'ingingo yafashwe mu rubanza.
- Abacamanza bategerezwa kuba "badahengamiye." Kudahengama bisigura ko uwo muntu yagenwe gukora nk'umucamanza w'urubanza:
 - ♦ Si umukozi w'ishami ry'ishirahamwe rijeje kwitaho abana, umukozi wa CDSA, canke uwujewe ibikorwa asanzwe akorera ibikorwa umwana vyo kumwitaho canke uwumwitaho.
 - ♦ Ntategerezwa kuba afise inyungu bwite canke z'akazi zishobora kubangamira intumbero yiwe yo gushira mu ngiro igikorwa c'iburanisha.

Umuntu yemewe nk'umucamanza si umukozi wa reta cankw w'ishami ry'ishirahamwe rikwegereye (umugambi ujeje kwitaho abana canke umukozi wa CDSA), umukozi w'ishirahamwe rijeje kwitaho abana canke uwujewe ibikorwa vyo kwitaho aumwana kubera uwo muntu aba ahembwa n'ishami ry'ishirahamwe canke umugambi mu gushira mu ngiro igikorwa c'iburanisha.

Umuvyeyi uwo ariwe wese yegwa n'iki gikorwa c'iburanisha arafise uburenganzira bwo:

- Guherekezwa hamwe no kugirwa inama n'umugwi ujeje ibijanye n'amategeko hamwe n'abantu bafise ubumenyi bwihariye canke inyigisho zo kwubahiriza ibikorwa vyo kwitaho abana bigenewe impinja n'imicuko igendana ubumuga.
- gutanga ibimenyetso hamwe no kubeshywa, kwihweza mu mizi urubanza hamwe no gutegeka ko ivyabona vyitaba mu rubanza.
- Kubuza izanwa ry'ikimenyetso icyo cose mw'iburanisha kitigeze cerekwa umuvyeyi n'imiburiburi imisi itanu imbere y'iburanisha.
- Kuronswa insiguro mu buryo bwanditse canke ku buhinga bwa none y'iburanisha ata kiguzi ku muvuyeyi.
- Kwakira ikipi mu buryo bwanditse, y'ibimenyetso vyabonetse hamwe n'ingingo zafashwe ata kiguzi ku muvuyeyi.

Iburanisha ry'urubanza urwo arirwo rwose itegerezwa kuburanishwa ku gihe n'ikibanza vyagenwe mu buryo bushoboka kandi bworohereza impande zose.

NC ITP itegerezwa kwizera neza ko mu gihe kitarenze imisi 30 inyuma y'iburanisha ry'ikirego urubanza ruba rwacitse hanyuma ingingo yanditse yafashwe ikarungikira mu biciye mw'iposita buri ruhande. Umucamanza arashobora gutanga igihe kirenze imisi 30 y'ikirangamiye bisabwe n'umuvyeyi canke uwujewe ibikorwa bikorerwa umwana

Uruhande urwo arirwo rwose rutashimishijwe n'ivyavuyemwo hamwe n'ingingo yafashwe mw'iburanisha ry'urubanza canke mu kirego catanzwe muri reta rurafise uburenganzira bwo kujana urwo rubanza muri sentare ya reta canke iya reta zunze ubumwe.

Muri icyo gihe c'iburanisha ry'ikirego, kiretse mu gihe ishahamwe rijeje kwitaho umwana hamwe n'abavyeyi b'umwana canke uruhinje rugendana ubumuga bunvikanye, umwana ategerezwa kubandanya kuronswa ibikorwa bibereye vyo kumwitaho nkuko vyagenwe muri IFSP bikanemerwa n'umuvyeyi. Iyo iburanisha ry'ikirego rijanye no gusaba ibikorwa vy'intango hisunzwe agace ka C k'itegeko umwana ategerezwa kuronswa ivyo bikorwa bitari mu matati.

Gutanga ikirego muri reta

NC ITP irafise poritike hamwe n'amategeko yo gutorera inyishu amatati yujijwe n'umuntu ku giti ciwe canke ishahamwe (harimwe n'abavuye mu yindi reta) bakeka ko ishahamwe ry'ishirahamwe rya reta, canke ibegereye, canke umuntu akora igikorwa yahonyanze ibisabwa n'amategeko ya reta zunze ubumwe canke aya reta ajanye no kwitaho impinja n'imicuko. Ikirego gitegerezwa gutangwa mu buryo bwanditse kandi kikaba kirimwo urwandiko rw'igikekwa ko ari ihonyangwa ry'amategeko hamwe n'icyo ikirego gishingiyeko. ibirego bitegerezwa kurungikwa biciye

mw'iposita kuri NC ITP kuri aderesi ikurikira: Early Intervention Section, Part C Director, Division of Child and Family Well-Being, 1916 Mail Service Center Raleigh, NC 27699-1916. Igikekwa ko ari ihonyangwa ry'amategeko gitegerezwa kuba carabaye bitarenze umwaka umwe imbere y'itariki ikirego kakirwemo n'ishirahamwe rijejwe kwitaha abana igisata kijejwe ukubaho neza kw'umwana n'umuryango. uruhande rwatanzwe ikirego rutegerezwa kurungika ikopi y'ikirego kw'ishami ry'ishirahamwe rya reta canke kw'ishirahamwe rijejwe ibikorwa vyo kwitaho umwana risanzwe rimwitaho ico gihe nyene uruhande rukimara guganga ikirego mw'ishirahamwe rijejwe ibikorwa vyo kwitaho abana.

Ikirego gitegerezwa gutorerwa inyishu mu gihe c'imisi 60 y'ikiranagami sheyere igihe hakirwemo ikirego canditse kandi giteyeko igikumu n'ishirahamwe rijejwe kwitaho abana igisata kujejwe ukubaho neza kw'umwana n'umuryango. Ukwongereza igihe bitegerezwa gutangirwa uruhusha n'umucamanza mu gihe hari inwo zidasanzwe kandi zunvika . Ukwongereza igihe ntibishobora gukorwa kubera inwo zijanye n'akazi. Mu gihe c'imisi 60 hakimara kwakirwa ikirego, ishishamwa rijejwe kwitaho abana:

- Rizokora itohoza ryigenga aho ingorane yabereye, mu gihe ishami ry'ishirahamwe ryerekanye ko itohoza rikeneze.
- Gutanga ikirego amahirwe yo gutanga amakuru y'inyongera, haba mu buryo bw'amajambo canke mu buryo bwanditse, ku vyerekeye ibikekwa ko ari ihonyangwa ry'amategeko mu kirego.
- Guha CDSA canke irindi shami ry'ishirahamwe/canke uwujewe ibikorwa amahirwe yo kwishura kuvyo aregwa, harimwo no mu buryo bw'ibanga kw'ishami ry'ishirahamwe, icipfuzo co gutorera inyishu ayo matati hamwe n'amahirwe ku mpande zose yo kwitabira igikorwa co guhuzwa ku bushake.
- Gusuzuma amakuru yose bijanye hamwe no gufata ingingo mu buryo bwigenga ku bijanye no kumenya nimba CDSA ishami ry'ishirahamwe rya reta, canke uwujewe gukora igikorwa ariko arahonyanga ibisabwa n'amategeko mu gace ka C.
- Gushikiriza ingingo mu buryo bwanditse umuntu yatanze ikirego yerekana buri kintu gikekwa ko ari ihonyangwa ry'amategeko mu kirego harimwo n'ibimenyetso hatibagiwe inwo z'ingingo ntabanuka zafashwe n'icicaro gikuru c'ishirahamwe.
- Gushiramo uburyo bwo gushira mu ngiro neza ingingo y'afashwe n'ishirahamwe rijejwe kwitaho abana, harimwo infashanyo y'ibikorwa vy'ubuhinga, ibiganiro, n'ingingo z'ibihano, kugira hashikwe kwu kwubahiriza amategeko mu gihe bikenewe.

Iyo ingingo ntabanduka zerekana ko ibikorwa bibereye bitahora/bitariko biratangwa, ishishamwa rijejwe kwitaho abana ritegerezwa gutorera inyishu:

- Ukunaniwa gutanga ibikorwa bibereye, harimwo n'ingingo z'ibihano zibereye kugira hatorerwe inyishu ivyo umwana akeneze hamwe n'umuryango uvugwa mu kirego (nko kuriha ibikorwa bitakozwe canke gusubizwa amafaranga).
- Itangwa muri kazoza ry'ibikorwa mu buryo bubereye ku mpinza zose n'umucuko bemerewe mu mugambi wo kwitaho impinza n'umucuko hamwe n'imiryango yabo.

Ishishamwa rijejwe kwitaho abana ritegerezwa gutanga uruhusha rwo kwongereza igihe ntarengwa gusa mu gihe:

- Hari inwo zidasanzwe zunvikana mu kwubahiriza ikirego c'ihariye; canke
- Umuvyeyi (canke umuntu canke ishishamwe, mu gihe hari ubuhuzwa ku muntu canke ishishamwe hisunzwe amategeko ya reta) hamwe na ITP, ishishamwa rya reta canke uwujewe gukora igikorwa yegwa niyo ngorane yemeye ku bushake igikorwa co guhuzwa.

Iyo ikirego canditse kandi kikaba kiri mw'iburanisha ry'urubanza, canke kirimo ingorane nyinshi buri ngorane imwe canke irenga imwe ikaba iri mw'iburanisha umugambi ujejwe kwitaho impinza n'umucuko utegerezwa gushira ku ruhande igice ico arico cose c'ikirego kiriko kiratorerwa inyishu mw'iburanisha ry'urubanza gushika urubanza rucitse. Ariko, ingorane iyo ariyo yose mu kirego itari mw'iburanisha ry'urubanza itegerezwa gutorerwa umuti hakoresheye igihe ntarengwa hamwe n'amategeko yasiguwe muri iki gice.

Iyo ingorane yavuzwe mu kirego catanzwe yigeze gutatirwa ingingo mu gihe caheze mw'iburanisha ry'urubanza yega za mpande nyene:

- Ingingo ifatwa muri urwo rubanza iba ikomeye kururushaho.
- Ishishamwa rijejwe kwitaho impinza n'umucuko ritegerezwa kumenyeshya uwatanzwe ikirego ko.

Ikirego harimwo igikekwa ko NC ITP canke uwujewe gukora igikorwa yananiwe gushira mu ngiro ingingo yafashwe mw'iburanisha ry'urubanza gitegerezwa gutorerwa umuti n'ishami ry'ishirahamwe rijejwe kwitaho abana.

UMUVYEYI ATARI UWAMARASO

NC ITP igena umuvyeyi atari uwo amaraso iyo:

- **Umuvyeyi** adashobora kumenyeshya;
- Utwigoro dufadika two kumenya aho umuvyeyi ari ataco twatanzwe, canke
- Umwana **ariko aritabwaho na reta** nkuko biri mu mategeko ya Carolina y'ubuseruko.

Umuvyeyi atari uw'amaraso ni umuntu yagenwe kugira akore igikorwa c'umuvyeyi kandi akingire uburenganzira bw'umwana yitabira mu mugambi wo kwitaho impinza n'umucuko. Igikorwa uwo muntu aba ajejwe gitegerezwa kwubahiriza amategeko, harimwo n'uburyo bwo kwerekana ivyo umwana akeneze ku muvuyeyi ari uw'amaraso hatibagiwe intambwe bijamwo mu kugena umuvyeyi atari uw'amaraso. ITP izogira utwigoro two kwizera neza ko umuvyeyi atari uw'amaraso yagenwe mu gihe c'imisi 30 hamaze kwerekana ko akeneze.

Umuvyeyi atari uwamaraso:

- Umuvyeyi atari uw'amaraso nta nyungu zibangamira inyungu z'umwana aba afise.
- Aba afise ubumenyi n'ubuhinga butuma aserukira umwana neza, kandi
- Si umukozi w'ishirahamwe NC ITP CDSA, canke ishishamwe iryo ariyo ryose rya reta, canke umuntu canke umukozi w'umuntu ajejwe ibikorwa vyo kwitaho umwana canke umuntu uwo ariwe wese wo umuryango w'umwana.

Umuvyeyi atari uw'amaraso arashobora guserukira umwana mu ngorane zose zerekeye:

- Gusuzuma hamwe no kugenzura umwana.
- Gutegura hamwe no gushira mu ngiro ingingo y'ibikorwa bibereye umwana IFSP, harimwo amasuzuma, amagenzura, hamwe n'imyihwezo ya buri gihe. Uko ibikorwa vyo kwitaho umwana bigenda.
- N'ubundi burenganzira ubwo aribwo bwose bugenwa n'amategeko ya reta zunze ubumwe canke amategeko canke poritike ya NC ITP.

INSIGURO Y'AMAJAMBO AGOYE

Igenzura: Igenzura bisigura uburyo buhoraho bukoreshwa n'umukozi yavyigiyemo kugira amenye inkomezi zihariye umwana afise hamwe n'ivyo akeneze hamwe n'ibikorwa vyo kwitaho bimubereye kugira hashikwe kuri ivyo vya nkenerwa mu gihe co kwemererwa c'umwana hisunzwe agace ka C k'itegeko rya IDEA hanyuma agashiramo igenzura ry'umwana hamwe n'igenzura ry'umuryango. Amagenzura y'intango bisigura igenzura ry'umwana hamwe n'umuryango rikozwe imbere y'inama ya mbere yo kugena integuro y'ibikorwa bibereye umwana IFSP.

Ibikorwa bibereye vyo kwitaho umwana: Ibikorwa bibereye vyo kwitaho umwana bigenwa biciye mu nteguro y'ibikorwa bibereye umwana IFSP. Integuro y'ibikorwa bibereye umwana IFSP itegerezwa kuba irimo inyandiko y'ibikorwa vyihariye vyo kwitaho umwana bikenewe kugira hubahirizwe ivya nkenerwa umwana n'umuryango bakeneze kugira hashikwe ku ntumbero yagenwe muri IFSP. Amategeko ya reta zunze ubumwe asigura ibikorwa vyo kwitaho umwana "nk'ibikorwa vyagenewe gushika ku ntumbero y'ivya nkenerwa mu gukura neza kwa buri mwana yemerewe hisunzwe iki gice [igice ca C co mw'itegeko rya IDEA] hamwe n'ivyo umuryango ukeneze vyerekeye guteza imbere ugukura neza kw'umwana."

Gusambura amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana: Gusambura amakuru yerekeye kwitaho umwana canke gukurako ibiranga nyene amakuru ku buryo hatongerwa kumenyekana nyeneye.

Gushira ahabona: Gutanga uruhusha rwo gushira ahabona, kurungika, canke guhanahana amakuru ya NC ITP mu burundi buryo, canke amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana ari muri ayo amakuru ku ruhande urwo arirwo rwose. Gushira ahabona amakuru bishobora kuba mu buryo bw'inshi, harimwo uburyo bwo kuvuga kwandika canke ku buhinga bwa none.

Amakuru yo ajanye no kwitaho umwana: Amakuru ajanye no kwitaho umwana bisigura amakuru yose yerekeye umwana asabwa kwegeranwa, gushingurwa, canke gukoreshwa hisunzwe agace k'itegeko rya IDEA hamwe n'amategeko ari mu gace ka C k'itegeko rya IDEA. Amajambo amakuru ajanye no kwitaho umwana harimwo ubwoko bw'amakuru buvugwa mu nsiguro iri muri "education records" 34 CFR igice ca 99 c'itegeko rya (regulations implementing the Family Educational Rights and Privacy Act of 1974, 20 U.S.C. 1232g (FERPA)).

Uwujewe kwitaho abana: Ishami ry'ishirahamwe ryigenga canke rya reta canke umukozi yavyigiyemo aronka infashanyo y'amafaranga ya reta yo gukora ibikorwa vyo kwitaho umwana hamwe n'umuryango bemerewe.

Isuzuma: Uburyo bukoreshwa n'umukozi yavyigiyemo mu kwerekana inwo zituma umwana yemererwa mu mugambi ujejwe kwitaho impinza n'umucuko. Isuzuma ry'intango risigura isuzuma ry'umwana kugira herekanwe ukwemererwa kw'umwana.

Igenzura rikorerwa umuryango: Igenzura rikorerwa n'umukozi yavyigiyemo kugira amenye uburyo umuryango ufise, ivyihutirwa ku muryango, hamwe n'impungenge hamwe n'ubufasha n'ibikorwa bikenewe mu guteza imbere ubushobozi bw'umuryango bwo gushika ku ntumbero y'ivya nkenerwa ku gukura neza kw'umwana.

Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango (IFSP): Integuro yanditse yo gutanga ubufasha n'ibikorwa vyo kwitaho abana n'imiryango:

- Itegurwa n'umugwi wa IFSP, uba urimo imiryango.
- Ishingiyemo kw'isuzuma hamwe n'igenzura rikorerwa n'abahanga batandukanye ry'umwana n'umuryango ry'imbonankubone.

- Iba irimwo umwimbu witezwe kuva mu bikorwa, uburyo buzokoresheka, hamwe nibikorwa.
- Iba irimwo ibikorwa bikenewe vyo guteza imbere ugukura neza kw'umwana hamwe n'ubushobozi bw'umuryango bwo gushika ku ntumbero y'ivyo umwana akeneye.

Ubuhuza: Ni igikorwa gifasha abavyeyi b'abana bemerewe, mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko wa NC ITP, hamwe n'abajejwe gukora ibikorwa gutorera inyishu amatati mu biciye mu mwunvikano, ata guhangana. Ubuhuza bukorwa ku bushake kandi impande zose zitegerezwa kwemera ata gahato kwitabira. Impande zose ziritabira mu gushiraho amasezerano ziri kumwe kandi zitegerezwa kwemeza amasezerano. Ubuhuza ntibushobora gukoresheka mu guhakana canke gutevya uburenganzira bw'umuyeyi bwo kuburanishwa canke gutanga ikirego muri reta.

Umugwi w'abahinga: Kwitabira kw'abahinga babiri canke barenga bafise ubumenyi butandukanye bafise intumbero yo:

- Gusuzuma no kugenzura umwana n'umuryango.
- Umugwi wa IFSP utegerezwa kuba ugizwe no kwitabira kw'umuyeyi hamwe n'abantu babiri canke barenga b'abahinga bafise ubumenyi butandukanye. Umwe muri abo bantu ategerezwa kuba umuhuzabikorwa.

Ururimi rw'amavukiro: Rukoreshwa ku bantu bafise ingorane y'icongereza, ururimi rw'amavukiro bisigura ururimi canke uburyo bwo guhanahana amakuru busanzwe bukoreshwa n'umuyeyi w'umwana. Iyo hariko harakorwa amasuzuma n'amagenzura, ururimi rw'amavukiro kandi rusigura ururimi rusanze rukoreshwa n'umwana mu gihe urwo rurimi ruhuye n'ugukura kw'umwana.

Aho aba ari: Ahantu hagoye hoshobora umwana canke umucuko bangana atagendana ubumuga. Mu hantu hagoye harashobora kubamwo inzu umwana abamwo canke aho aba mu kibano.

Umuyeyi: Umuyeyi w'amaraso canke umuyeyi yakiriye umwana; umuyeyi yakiriye umwana mu buryo buzwi n'amategeko kiretse itegeko rya reta, ayandi mategeko, canke amabwirizwa ari mu masezerano na reta canke ishishamwe rikwegereye ribuza umuyeyi yakiriye umwana mu buryo buzwi n'amategeko gukora nk'umuyeyi; umurezi muri rusangi yemerewe gukora nk'umuyeyi w'umwana, canke yemerewe gukora igikorwa co kwitaho umwana, c'indero, amagara canke gufata ingingo zifise ingaruka kugukura kw'umwana (ariko atari reta mu gihe umwana yitabwaho na reta); Umuntu akora mu kibanza c'umuyeyi w'amaraso canke umuyeyi yakiriye umwana (harimwo nyirakuru na sekuru, umugabo wa nyina canke umugore wase, canke uwundi bafise ico bapfana) abana n'uwu mwana; umuntu ashobora kubazwa ukubaho neza kw'umwana imbere y'amategeko; canke umuyeyi yamuyariye abandi ku masezerano.

Ishishamwe ry'itabirye: Ishishamwe ry'itabirye bisigura umuntu uwo awiwe wese, ishishamwe, ishishamwe ryigenga, canke ikigo cegeranije, gishingura, canke gikoreshe amakuru ashobora gutuma umuntu amenyekana mu gushira mu ngiro ibisabwa mu gace ka C k'itegeko rya IDEA kuri NC ITP hamwe n'amategeko mu gace ka IDEA ku mwana yihariye. Muma shishamwe y'itabirye harimwo ishishamwe rijejwe kwitaho abana, CDSA, abajejwe gukora ibikorwa, hamwe n'umuntu uwo ariwe wese canke ishishamwe ryigenga rikora igikorwa ico arico cose co mu gace ka C (harimwo no guhuza ibikorwa, amasuzuma hamwe n'amagenzura, hamwe n'ibindi bikorwa vyo mu gace ka C). Mu mashishamwe y'itabirye ntiharimwo imigambi mito yarungitswemo gukorerwa ibikorwa (amashishamwe ya reta nka Medicaid canke umugambi wa CHIP) canke amashishamwe y'abikorera ivyabo (nk'ama kompanyi ya asirance) akora gusa mu gushigikira mu buryo bw'amafaranga mu bikorwa biri mu gace ka C.

Mu makuru ashobora gutuma umuntu amenyekana harimwo:

- Izina ry'umwana wawe, izina ryawe, canke ayandi mazina y'abagize umuryango;
- Aderese y'umwana wawe canke umuryango;
- Ikiranga umuntu nk'inomero yo kwitegekaniriza y'umwana canke iyawe bwite, canke;
- Ikindi kintu kimuranga mu bundi buryo, nk'itariki y'amavuko y'umwana, aho yavukiye, izina rya nyina y'itirwe arikuye k'umugabo;
- Urutonde rw'ibimuranga bwite canke ayandi makuru ashobora gutuma bishoboka kumenya umwana wawe ata kwibesha, canke amakuru yasabwe n'umuntu umugambi wo kwitaho abana wibaza ata kwibesha ko azi umwidondoro w'umwana wawe.

Kwitabwaho na reta: Umwana aba yitabwaho na reta iyo igisata ca reta kijejwe ibikorwa vyo kibano mu karere cahawe igikorwa co kwitaho umwana mu buryo buzwi n'amategeko, kandi gifise uburenganzira n'ubushobozi bwemewe n'amategeko bwo gufata ingingo zerekeye umwana, naho umuyeyi w'amaraso canke uwamwakiriye aba azwi, ahari, kandi yipfuzwa guserukira uwo mwana.